Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 46 (9784) / 15 октябрь 2018 с. / итни 6 Сафар 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## В.В.Путину – 66 лет!



**Президент Российской Федерации В.В.Путин** родился 7 октября 1952 года в Ленинграде (Санкт-Петербург). С его именем связывают возрождение и единение России. Благодаря его решениям был осуществлен ряд важнейших преобразований, сформировавших современный облик Российской Федерации. За время нахождения во главе государства, он снискал искреннее расположение и уважение не только на Родине, но и за рубежом.

## Дубкиялде сапар

***«ГIемерал соназ Дубки посёлокалда социалияб кIвар бугел бакIазда ремонт гьабун букIинчIо. Посёлокалъул администрациягун цадахъ, республикаялъе нухмалъулезул кумекалдалъун, нилъеда бажарана цо-цо бакIазе ремонт гьабун, амма гьабизе кколеб хIалтIи жеги гIемер буго.***



***ТIубазе кIвараб аслияб суаллъун ккола-гьаризе тIадал хIалтIабазе байбихьи бук1ин»,***-ан абуна районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас бакIалъул администрациялъул бетIерасулгун ккараб гара-чIвариялда.

9 октябралда Дубкиялъул цо-цо объектазе капиталияб ремонт гьаби кинаб даражаялда бугебали хал гьабизе гьенире щвана Х1.Х1. Мусаев, гьесул заместитель И.И. Шабазов, архитектураялъулгун бакIал раялъул, ЖКХялъулгун ракь хIалтIизабиялъул отделалъул бетIерав специалист Батир ГIумаров, посёлокалъул гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъаби.



ТIоцебесеб иргаялда гьел щвана школалъул, цебего пайда босиялдаса ун букIараб, лъабабилеб тIалаялъе ремонт гьабиялъул хал гьабизе. Гьеб бетIералде бахъунеб ва дагьал къояздасан цIалдохъаби къабул гьаризе х1адур батана. Ремонт гьабун бугоан школалъул спортзалалъеги.

ТIадбан унел ратана **«Солнышко», «Ромашка»** лъималазул ахазда гьарулер ремонталги. Гьезда цадахъго къачIалел руго минабазул азбаралгун жамгIиял бакIалги. **«СанагIатал шагьаралъулал шартIал»** федералияб Программаялда рекъон, Дубки посёлокалъул **«гьумер»** хисизабиялъе биччан буго 6 млн.115 азаргогъурущ. Гьелъул 3 млн. 604 азарго гъур. бакIалде щун буго.

К1вар ц1ик1к1арал бакIал къачIаялъул суалал дандран руго посёлокалда яшав гьабун ругел гIадамалгун.

## 14 октября – День работника сельского хозяйства и перерабатывающей промышленности

***Уважаемые труженики сельского хозяйства!***

Пусть славится ваш труд, благодаря которому агропромышленный комплекс нашей страны растет и крепнет. Желаем вам здоровья, счастья и успехов в решении ответственных задач. Пусть ваша работа будет всегда поощрена и оценена по достоинству!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

## Баркана бергьенлъи



Дунялалда тIад къанагIатги вукIун ватиларо Дагъистаналдаса ХIабиб НурмухIамадовасулги Ирландиялдаса Конор Макгрегорилги дандчIваялъухъ балагьичIев чи. Нилъ нугIзаллъун ккана ХIабибил гьайбатаб бергьенлъиялъе.

Х1абибида бергьенлъи баркана 10 октябралда Ульяновск шагьаралда т1обит1араб дандч1ваялда Россиялъул Президент В.В. Путиница. Гьеб дандч1ваялда г1ахьаллъана Х1абибил эмен ва тренер Г1абдулманап Нурмух1амадовги.

Гьединго, Х1абибида бергьенлъи баркана Турциялъул Президент Эрдоганица, Белоруссиялъул Президент Лукашенкоца ва ЛДПРалъул руководитель Жириновскияс.

***ИНФОРМЦЕНТР.***

## Х1абиб Нурмух1амадовасде

Ун вукIана ХIабиб мун гугаризе,
ТIолго дунялалда цIар машгьурлъизе.
Дандиясул ахIи къабулги гьабун,
Дурго чорхол къуват бихьизабизе.

ЧIухIун гаргадулев гIамал кIодое,
Дуца жаваб кьуна кьурул гIус гIадаб.
МагIарул миллатги гьелъул тарихги,
Чанги мун гIаданас хисизабичIин.

Гьал мугIрузда гIураб Шамилил наслу,
Къеркьеялъулъ жеги къун бихьарабищ?
Рорхатал мугIрузул лебалал васаз,
Кьурда цIар меседил хъвалеб лъаларищ?



***Г1. Мух1амадов, Ичк1а росу.***

## Х1урматиял районцоял!

Байбихьана 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадибч1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеб шапакъатлъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьениб батула х1ажатаб информация.

Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял х1ужаби.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун.

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гъурущ.**

***Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив.***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*5 октябрь – учителасул Къо!*

# МугIалимзабазда баркана

*МугIалим дур дарсал гIолеб гIелалъе,*
*Лъайгун-гIакълу кьолеб хазина буго.*
*Дуе хIалхьи гьечIо, дуй рахIат гьечIо,*
*Ярагъ кодоб гьечIеб, рагъда вуго мун.*




ЗахIматаб, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи буго мугIалимасул. Гьедин букIаниги, мугIалимас рухIалда барахщинчIого кIвахI тун жигар бахъула жиндир цIалдохъанасул лъай борхизаби гуребги, гьесул рухIияб рахъги цебетIезабизеги. МугIалимзабазда профессиональияб байрам баркиялъул данделъи тIобитIана 5 октябралда районалъул культураялъул Централда. Гьенире гIахьаллъана - районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисханов, лъайкьеялъул управлениялъул начальник М.-р. И. МахIамаев, лъайкьеялъул х1алт1ухъабазул профсоюзалъул райкомалъул председатель М.-а.И. Дадаев, Хасавюрт шагьаралъул МВДялъул ветераназул Советалъул председатель Зайбодин ГIумаров, мугIалимзаби, хIалтIул ветеранал ва цIалдохъаби.

Гьеб данделъиялда баркигун кIалъазе вахъарав ХI. Мусаевас абуна:**«Нилъеца тIолабго гIумруялъ кIудияб хIурматалда рехсола ва ракIалде щвезарула нилъерго рукIарал учительзаби. Щайгурелъул, гьез малъаралъ, гьезул тIадчIеялъ гьабуна нилъер гIумру берцин. Нилъер школаздасан къватIире рачIине ккола гIумруялде хIадурарал, гIакълу цIубарал, жидеего щвараб лъай цогидазе кье*зе бажарулел цIалдохъаби*…»**-ян.

Районалъул администрациялъул рахъалдасан хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал мугIалимзаби кIодо гьаруна ХIурматалъул грамотабаздалъун: ХIажиев Сулайман Г1адилханович (ДЮСШ), Усаматов ГIабдулманап Иладиевич, Ябузарова ГIайшат Ябузаровна (Дилим), Зияродинова Жамилат Г1абдулх1асановна (Алмахъ), ХIамзатов МухIамадхан Карбудинович (Буртунай), Абусинов Индирби Мух1амадович (Гуни), Баматова Асият Х1ажиевна (Дубки), ГIабдулаева Зарият Г1абдулхаликъовна (ИчкIа), Динаева Алжанат Г1исаевна (Калининаул), Акиева Зугьра Залимхановна (Ленинаул школа №I), Асланбекова Назипат Х1ажиевна (Ленинул школа №I), Арсланбекова Аида Абакаровна(Ленинаул школа №2).

Районалъул депутатазул Собраниялъул рахъалдасан Гъ.Гъирисхановас ХIурматалъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна: Сиражудинов Мурад ГIузайриевич (Алмахъ), ГIисаев Ахъай Камалдинович (Гертма), ГIалижанов ГIумар НагIатович (Дубки), Абакарова Загьидат МухIамадовна (Дилим), ГIусманова Аружан Касинпашаевна (Дилим), ИсхIакъов ИсхIакъ Садуевич (ИчкIа).




Районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул рахъалдасан хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал гьал хадусел мугIалимзабазе кьуна ХIурматалъул грамотаби: ГIабасова Наида ГIабдулкеримовна (Алмахъ), СагIидова Рисалат Басировна (Буртунай), Нажмудинова Раисат АхIмадпашаевна (Гертма), Зубайриева Зумрут Набигулаевна (Гуни), Хизриева ГIайшат Расуловна (Дилим), Гъачалаева ГIайшат ГIусмановна (Дилим), ГьитIинова Заира Камалдиновна (Дубки), Расулова Марьям СултанмухIамадовна (ИчкIа), АсхIабова Диана Башировна (Калининаул), ГIисаева Зульфия ХIусеновна (Калининаул), Ахиева ШапагIат Камалдиновна (Ленинаул), ГIумарасхIабов Иман ГIалиасхIабович (Ленинаул), ГIисакъова ПатIимат ХIайбулаевна (Хубар), ХIусенова СалихIат Хайрудиновна (Гъозтала), ХIамидова Саида Темирсултановна (Паркьухъ), ХIайбулаев ХIабиб Расулович (Буртунай), Абакарова Зульфия Эмеевна (Дилим). Районалъул лъайкьеялъул профсоюзалъул организациялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал шапакъатал кьуна гьединалго церетIурал мугIалимзабазе. Гьел ккола: ЛатIипов ГIабдулатIип ГъазихIмаевич (Дилим), Керимова Таибат ХIажиевна (Дилим), СайгидбатIалов МахIач Жамиевич (Дилим), Атуева Загьират МухIамадовна (ИчкIа), ХIажиева Аида Билаловна(Ленинаул), ХIадаева Савдат Расуловна (Дилим), Ибрагьимова Маржанат ХIайбулаевна (Дилим), Абусинова Асият ХIажиевна (Гуни), Мирзабекова ГIайшат ГIабдулахIитовна (Гуни), Эльдарова Рисалат Мурадовна (Калининаул), ГIалисултанова ШугIайнат Мурадисовна (Хубар), Барсукова Зоя Ивановна (Дубки).



Байрам баркун кIалъаял гьаруна Гъ.Гъирисхановас ва Халкъияв БахIарчи З. ГIумаровас. Гьес кIудияб хIурматалда ракIалде щвезаруна гIолеб гIелалъе тарбия-лъай кьурал, гIумруялдаса ратIалъарал мугIалимзаби.

Зайбодин ГIумаровас жиндирго ва ветераназул Советалъул рахъалдасан мугIалимзабазе кьуна ***«ГIолеб гIел куцаялъе бихьизабураб ракIбацIцIадаб захIматалъе гIоло»,-*** абурал медалал. Гьел ккола: Коргъолаева Зумрут СагIидгIалиевна, Басиров Насир Басирович, Гъиринов Палихан Гъиринович (К-аул), Аскендирова Хиля Нунуевна (Л-аул, школа №I),Зияродинова Нажабат Расуловна (Ленинаул, школа №2),МахIамаев М-расул Имамирзаевич (Буртунай), Дадаев Апанди Ибрагьимович, Яндаева Маржанат Шиябодиновна (Дилим), Нуралиев Сайрудин Эмеевич(Гуни), Эльмирзаев Насирдин Эльмирзаевич (ХIамзаюрт).




Данделъиялда лъайкьеялъул управлениялъ лъикIаздасан лъикIал анцIго мугIалим мустахIикъаллъун рихьизаруна «ХIурматалъул хъорщоде» росизе ва районалъул ХIурматалъул тIахьида цIарал хъвазе. Гьезие кьуна хIукму тасдикъ гьабиялъулал свидетельстваби. Гьел ккола: Юсупова Язрапат Шамхаловна, Усаматова Марьям Шихмирзаевна, Гъанищева Ульжан ХIизбулаевна, Свадрудинова Саймаъ Мухтаровна, ХIайбаева Асият Аштаевна (Дилим), Зияродинова Нажабат Расуловна (Ленинаул), ГIабдуразакъова Саида Заидовна (Калининаул), ГIалисултанова Соня Юсуповна(Хубар), Шейхов МухIамад Адильмирзаевич (Гуни), Парсукова Зоя Ивановна (Дубки).

Данделъиялда бищунго мустахIикъал гьалбаллъун рукIана мугIалимзаби-ветеранал. Гьел кIодо гьаруна грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун. Жидерго концерталъулаб программагун цере рахъана Калининаул росдал школалъул, Дилим росдал лицеялъулгун гимназиялъул, районалъул искусствоялъул школалъул цIалдохъаби ва №3 **«Журавушка»** лъималазул ахалъул гьитIичал. КучIдул ахIана Руслан Имамирзаевас, Мухтар ХIайбулаевас, Мадина Саладихановалъ, Садам Илясхановас.

Гьенир, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул рахъалдасан, мугIалимзабазе сайгъат гьаруна ч1агоял тIугьдуз.

Ахиралде щвезегIан тадбир бачана букIана Калининаул росдал школалъул мугIалимзаби: Сайгибат Герехановалъ ва Зайнаб ИсмагIиловалъ.

***ХI. КАРИМОВА***

# Учительзаби-ветеранал кIодо гьаруна



5 октябралда Калининаул росдал культураялъул Рукъоб тIобитIана учительзаби-ветеранал кIодо гьарун, рохалилаб данделъи.

Гьеб данделъиялда росдал бетIер ХI.С. ХIажиевас мугIалимзаби-ветераназда баркана профессиональияб байрам. Гьарана гьезие щулияб сахлъи, рохел ва талихI. ***«КъанагIатги ватиларо росулъ нужеца лъай кьечIев чи. Сонал анагIан кIочона инсанасда жиндир гIумруялъулъ рукIарал лъугьа-бахъинал,амма гьесда киданиги кIочонаро жиндие лъаялде нуцIа рагьарал ва хадусан гьеб гIатIидгьабиялда тIад хIалтIарал мугIалимзаби. Нуж-ветеранал, кIвахIтун, хIалтIана лъималазе лъайгун тарбия кьеялда тIад. Нужер рук1арал цIалдохъаби рахъана батIи-батIиял махщалилаллъун»,***-ан абуна гьес жиндирго к1алъаялда.

Концерталъулаб программа гьениб гIуцIун бугоан данделъаразул ракIазе кIудияб асар гьабулеб къаг1идаялда. Гьеб бихьулеб букIана Лайла Имамирзаевалъул, Мухтар ХIайбулаевасул, Мадина Саладихановалъул ва цIалдохъабазул церерахъиназулъ.

Данделъи махщалида бачана Сайгибат Герехановалъ.

Ветераназе гьенир кьуна Баркалаялъул кагътал, къиматал сайгъатал ва тIугьдул. Ветераназул рахъалдасан к1алъазе рахъарал-Насир Басировас, Исмаг1ил Исмаг1иловас рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна тадбир г1уц1аразе ва гьенире г1ахьаллъаразе.

БатIи-батIиял г1иллабаздалъун, данделъиялда гIахьаллъизе рес рекъечIел ветераназухъе щвезе ана- росдал бет1ер Х1. Х1ажиев, школалъул директор Зумрут Коргъолоева, тарбиякьеялъул рахъалъ директорасул заместитель Зинаида Хаджиева ва культураялъул Рукъалъул директор Пат1ибика Саладиханова.

Данделъи тIобитIиялъе спонсорлъи гьабуна предпринимателал: ГIалимухIама Ачабаевас ва Сияна ГIабдулхIажиевалъ.

Тадбир ахиралде щвана ветераназул цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

***М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.***

*(Байбихьи 39-40 номерazда.)*

# РакIалдещвеялъул кескал

СССРалъул заманалда Советиял гIадамазе рес букIана социалистическиял яги нилъер пачалихъалъулгун лъикIал гьоркьорлъаби ругел капиталистическиял улкабазде, туристал хIисабалда, ине. Гьедин,1974 соналъ,республикаялъул бухьеналъул хIалтIухъабазул цо къокъа унеб букIана Болгариялдегун Румыниялде ва гьелъие нухалъулевлъун дун вихьизавун вукIана. Гьеб жинде бицарай, Хасавюрт шагьаралъул партиялъул горкомалъул тIоцеесей секретарьлъун хIалтIулей йикIарай Н.Н.Ткаченкоца дида абуна: **«Нуж Болгариялъул Плевна шагьаралде щвела. Гьениб буго гIурусазул рагъулал къуватазе рецц гьабиялъул музей. Гьелъул директоралъулгун дир лъай-хъвай буго, гьелде дир салам бице»,**- ян. Ниж гьеб музеялде щвана.Унгоги, гьениб бугоан доб заманалъул гIезегIанго яргъилал сурсатал цIунараб музей. Кинаб гIиллаялъха гьеб музей гьениб рагьараб?

Тарихалдасан нилъеда лъала, щуго гIасругIан заманалъ, Болгария Турциялъул зулмуялда гъоркь букIараблъи. 1878 соналъ, Болгариялъул рахъги ккун, Россиялъ Турциялда рагъ лъазабула ва гьелъ ГIусманиязул империялъул зулмуялдаса Болгария тархъан гьабула. Гьеб рагъулъ чIвала 200 азаргоялдаса цIикIкIараб къадар Россиялъул солдатазул. ГIицIго 1904 соналъ ракIарун лъугIуна гьезул рукьби. Музеялъул директоралда Н.Н. Ткаченко ракIалда йигоан ва гьелдеги жиндир салам бицеян гьарана гьелъ дида. Гьелдаса хадур ниж ана **«Шипка»** магIарде. Гьениб буго, халкъалъ гIарацги бакIарун, гIурус солдатазе бараб памятник. Гьениб дида гьарана ракIалдещвеялъул тIехьалда хъвай- хъвай гьабейилан.

Дица гьелда хъвана: **«Россия ва вацлъиялъулал улкаби цIунулаго хваразул рукьби камураб бакI дунялалда батиларо, амма киданиги гIурусазул солдатазда къин лъачIо. Россиялъул солдатазегун яргъие даимаб рецц буго»,**-ян. Гьениса ниж ана **«Шипка»** магIарде тIаде. Гьенир нижеда ратана муг1рузул гIурдамучари бакIарулел турказул руччаби. (Болгариялда гIезегIанго туркал руго яшав гьабулел).

Бусурбаби ниж рукIин лъарал гьез нижедехун гIезегIанго лъикIаб бербалагьи гьабуна. Нижер къокъаялъулъ рукIарал руччабазги бакIарана гьениса гIурдамучари.

*МахIсудин ДЕВЛЕТМИРЗАЕВ, Хасавюрт шагьар.*

# Ригьдаса арал к1одо гьаруна



Дагьал церег1ан къояз районалъул социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Централда т1обит1ана ригьдаса аразул Къо к1одо гьабиялда хурхараб данделъи. Централъул директор Юсуп Мух1аевасул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана-канлъи дагьазул г1уц1иялъул председатель Мах1муд Г1абдулаев, районалъул росабалъа ригьдаса арал г1адамал, рехсараб Централъул х1алт1ухъаби ва гьалбал.

К1алъазе рахъарал-Юсуп Мух1аевас, Мадина Дерметхановалъ, Мах1муд Г1абдулаевас ва цогидазги ригьдаса аразда байрам баркана, гьарана гьезие щулияб сахлъи, рохел ва талих1. М. Г1абдулаевас ригьдаса аразе гьенир къуна г1унсби, Ю.Мух1аевас-сайгъатал.

Данделъиялда г1ахьаллъараз лъик1 къабул гьаруна Лайла Имамирзаевалъул, Мухтар Х1айбулаевасул, Каримула Тилахъаевасул ва «Маргьа» лъималазул ахалъул гьит1ичазул церерахъинал.

*Рамазан Гъанищев, Дилим росу.*

# Ишахиса лъим

## Дагъабго квал-квал ккана

Ишахиса лъим бачиналъе гьабулеб х1алт1и т1адбан унеб буго. Дагьабго квал-квал ккана **«Лабал ракьанлъи»** участокалъул г1орхъодасан **«Ахъташ»** лъарахъе нух бахъулелъул. Гьениб бугеб кьурулъан нух гьабизе техникаялъул х1ал г1олеб бук1инч1о.

Нилъер районцояв Сатираев Айтемирица кумекалъе бит1ун бач1ана хасаб техника ва гьелъ, кьуруги г1анлъун, нух гьабулеб буго.

Цоги квал-квал ккеч1они,кват1ич1ого, нух гьаби раг1алде бахъина.

**Информцентр.**

*Нилъер адабият*

# Лъик1аб асар гьабуна

Дагьал церег1ан къояз Ичк1а росулъ т1обит1ана районалъул культураялъул х1алт1ухъабазул семинар-совещание.

Гьеб т1обит1иялъул мурадлъун бук1ана х1алт1ул х1албихьиял цоцазухъе кьейи, 25 октябралда т1обит1изе бугеб **«Дир росдал г1адатал»** абураб зоналияб байрамалде х1адурлъиялъул бицен гьаби, цере ч1арал масъалабазул ва Ичк1аялъул культураялъул х1алт1ухъабаз тарбиячиясул Къоялде т1обит1улеб тадбиралъул халгьаби.



Абизе ккола т1обит1араб данделъи г1езег1анго пайдалиялъун лъугьанин ва гьелъ гьенире г1ахьаллъаразе лъик1аб асар гьабунин.

Тадбиралъе хаслъи кьураллъун гьенир рук1ана – культураялъул рукъалъул х1алт1ухъабазгун (Сайих1ат Мирзабекова, Сидрат Г1абдулат1ипова) ц1алдохъабаз (Зайнаб Мух1амадова, Г1урайзат Аминова, Расият Саг1идова) Расул Х1амзатовасул **«Маг1арулай»** поэмаялдаса бихьизабураб сценка, Каримула Тилахъаевас, Тайбика Зираловалъ, Дайгьанат Хасаевалъ ах1арал куч1дул ва лъималазул ахалъул гьит1ичазул церерахъинал.

*Сидрат Г1абдулат1ипова, Ичк1а росу*

*Дин ва гIумру*

# Исламалъ бихьизабун буго...

Исламалда рихьизарун руго бусурманчи хьвадизе кколел къагIидаби. Аллагь цо гьави, Авараг ритIухъ гьави, Аллагьасе гIибадат, Аварагасул суннатал цIуни, кинаб даражаялда борхатго ккезе кколелалиги.

БукIани щиб, чIагояв чиясул гьалатI ккечIого букIунарелъул, цо-цо бакIалда нилъецаги риччан ратула лъаниги лъачIониги гьалатIал.

Гьединал гьалатIал риччангутIиялъе руго имамзабаз,гIелму бугел гIадамаз батIи-батIиял данделъабазда насихIатал гьарулел. Гьанже заманалда гьеб щивав чиясухъе щолебги квер гIунтIулеб бакIалда бугинги абизе бегьула.

БукIани щиб, жагьилал, ригь арал гIадамаздаги гIисинал лъималаздаги гьеб тIубанго бичIчIун бахъунеб гьечIеб заманалда.

Нилъеда лъала телевизоралги интернет-связалги гьечIел гIадамал районалда гIемерал рукIин. Гьединлъидал, дир пикруялда,лъикIаб букIинаан росабазул имамзабазги гIелму лъалел гIадамазги,газеталъулгун бухьенги ккун, цо-цо баянал гIадамазе гьелъул гьумраздасан кьуни.Жеги лъикI букIинаан газетазда рахъулел цо-цо макъалабазда тIасан жидерго пикру загьир гьабуни.

Масала: 2015 соналъул 13 апрелалда къватIибе бачIараб **«Чапар»** газеталда букIана Дилималдаса ХIажиев Имулас хъвараб **«Мухьдахъ дин гьабуларо»**,-ян абураб макъала.

Гьениб гьес хъвалеб буго гIарцухъ дин гьаби исламалъ гьукъараб букIин лъалеб бугониги,-гьеб иш гIодоб толеб гьечIилан. Хварасдаса Къуръан цIалун, зикри бачун, мухь боси гIадатлъун лъугьун ва гьеб къойидаса-къойиде цIикIкIунебги бугилан.

Мухьдахъ цIалараб Къуръаналъул хварасе кири щоларин ахIдолел имамзабиги ахIанагIан мухь босулел цо-цоялги ругилан. Гьелъул хIасилалда, исламияб диналъул гьел **«ричарухъабаз»** къиматги хвезабулеб бугин.

Бихьулищха, исламияб динги лъаларел, гьебги бихьичIел цо-цо батIиял миллатазул гIадамал, жидерго динги рехун тун, исламалде рачIунеб мехалъ, нилъеца гьелде рагIад рехизабулеб бугеб куц.

Дица абулеб гьечIо шаргIияб нухалда хьвадизе бигьаяб жо бугилан. ГьечIо. Дин ккурав чи цIакъ щулаго вукIине ккола. Аллагьас бихьизабураб нухдаса кьуризе гьесие изнуги букIунаро.

Гьелъулъ захIмалъи букIин лъалеб бугониги,бацIцIадаб букIиналъ, ислам босун буго Швейцариялдаса Рабия абурай гIаданалъ, **« Фабрика звёзд»** фестивалалъул гIахьалчIужу Маша Алашкиналъ, Астраханалдаса Хадижат Шевцовалъ, немцай Кандемир Хюлияца ва гIемерал цогидазги. Гьез ретIун буго исламияб ретIелги тIоразарулел руго шаргIиял тIадкъаялги.

Аллагьас къабул гьабеги нилъер тIолазулго гIибадат.Ратаги нилъ къиясмасеб къоялъ МухIаммад Аварагасул(с.г.I.с.) байрахъалда гьоркь тIаде рахъинарулеллъун.

БакI ккун букIаго,рехсезин гьебго **«Чапар»** газеталда рахъун рукIарал Игьалиса Чупаласул гьал рагIабиги:

*ТIарикъат камиласде*
*Квешаб рагIи абуге,*
*Аллагьасе дин гьабун,*
*Бергьарал вассал ругин.*

*Расуласул хIукъукъал*
*ТIаде росарал чагIи,*
*Черхалъул рухIалдаса*
*Хиралъе дур черхалъе.*

*Батимирза НАСРУДИНОВ, Дилим росу.*

# Хъвай нужеца «Чапар»!

Зама-заманалда дун щола росдал щибаб авалалде. Гьенир хабаралда дида ратула хIухьбахъизе гIодорчIарал росуцоял. Гьел рукIуна араб, гьанжесеб ва бачIунесеб заманалъул, пачалихъалдагун дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъул бицунел, къокъ гьабун абуни, гьениб бицунареб хабар букIунаро. Дида ккола годекIан бугин кинабниги информациялъул центран, лъарас лъараб бицине гIадамал данделъулеб бакIилан.

Баянаб букIахъе, гьеб буго умумулъанго бачIараб гIадаталда рекъон, гIадамал ракIарулеб бакI. БукIани щиб, гьениб бицунебщинаб бечед гьабулеб районалъул газета гьезул цонигиясухъ бихьулеб гьечIони!

Нилъеда лъала редакциялъул хIалтIухъаби иш бичIчIунел, жидеца гьабулеб хIалтIи лъалел, кIалзул каламалъул устарзаби рукIин. Гьез къватIибе кьолеб информация букIуна кьучIаб, мухIканаб ва пайдалияб.

Гьелдасан нилъеда лъала нилъерго араб тарих, гьанжесеб заманалъул хIакъикъат ва букIинесеб лъикIаблъун гьабиялда сверухъ кинаб хIалтIи гьабулеб бугебали.

Газеталда рахъула нилъер гIумруялъул киналниги рахъал жанире рачарал макъалаби. Гьедин бугониги, 6-7 азаргогIанасев чи вугеб дир гIагараб росулъ I00-120 газета гурони хъван гьечIин рагIараб заманалда, дун цIакъ пашманлъана.

ГьедигIан нилъерго миллатги, мацIги, цIарги, адабиятгун маданиятги бокьуларелищха нилъ ругел?

Бащдаб лъагIалие 286 гъурущ гурони жиндихъ кьезе кколареб ва рахьдал мацIалда биччалеб газета хъвангутIи буго хIикмат гьабизе ккараб иш. Гьаб заманалда гIемер бицунеб, хъвалеб буго рахьдал мацI ва миллияб культура цIунизе ккеялъул. Кин гьел цIунизе ругел рахьдал мацIалда биччалеб районалъул газетацин хъвалеб гьечIони?

ГIемерал сонал руго гIагараб «Чапар» газеталъулгун дир бухьен бугелдаса. Гьел соназ жинца дагьабниги пайда кьолареб «Чапар» газеталъул номерги дида дандчIвачIо. ТIадегIанас дандчIвазе хъванги батугеги.

Дир росулъго гIадинаб ахIвал-хIал, гьай-гьай, батула районалъул цогидал росабалъги.

ХIурматиял дир росуцоялгун районцоял! Хъвай, гьудулзаби, «Чапар» газета!

***Х. ВИСАИТОВ, Калининаул росу.***

# Кин т1аг1инабилеб ришватчилъи

*Дагъистаналъул прокурор Денис Попов дандч1вана республикаялъул Херазул советалъул вакилзабигун*

Гьез бицана Дагъистаналда ришватчилъи т1аг1инабиялъе нухал ратизе ккеялъул х1акъалъулъ. ДРялъул Херазул советалъул председатель **Г1абдула Мух1амадовас** абуна, жидеца рахъкколин гьеб масъала т1убаялъул мурадалда республикаялъул бет1ерас т1обит1улеб политикаялъулин абун.

***«Республикаялъул ц1ияб нухмалъиялъ х1аракат бахъулеб буго дагъистаниязул г1умру кьуч1дасанго хисизабизе, ц1игьарулел руго пачалихъияб власталъул х1алт1ул къаг1идаби, ч1езабулеб буго х1инкъигъеч1олъи ва билълъанхъизабулеб буго закон»,*** - ан абуна гьес.

Дагъистаналъул прокурор **Денис Поповас** баркала кьуна Херазул советалъул вакилзабазе ва абуна, регионалъе к1удияб к1вар бугел масъалаби т1уралеб мехалда, Херазул советалъул пикруги х1исаалде босизе кколин.

---

# Бат1и-бат1ияб бук1уна

**«Республикаялъул «Центр занятости» абулеб организациялда хъвай- хъваг1ай гьабурал х1алт1и гьеч1ел г1адамазе цо моц1алъ 2018 соналда киг1ан г1арац кьезе кколеб?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна адвокат Шейхмух1амад Гъазимух1амадовас:*

Официалияб къаг1идаялда х1алт1и гьеч1евлъун рик1к1иналъе къвариг1уна хадусел шарт1ал:

- вук1ине ккола х1алт1иги харжги гьеч1ев ва х1алт1ун бажарулев чи;
- х1алт1и балагьулеб бугилан «Центр занятости» абулеб организациялда хъвай-хъваг1ай гьабурав чи;
- х1акъикъаталдаги х1алт1и балагьулев ва гьелде байбихьизе х1адурарав чи.

«Центр занятости» абулеб организациялда хъвай-хъваг1ай гьабиялъе х1ажалъулел документал: паспорт, зах1маталъул книжка, махщеллъаялъул документ (масала, диплом), ахираб х1алт1уда ахираб лъабго моц1алда жаниб щолеб бук1араб гьоркьохъеб харжалъул х1акъалъулъ справка.

2018 соналда х1алт1и гьеч1езе пособие кьола щибаб моц1алъ.

18 календариял моц1аздаса данде гьабун, 12 моц1алдаса ц1ик1к1ун заманалъ пособие кьоларо. 2018 соналда кьолеб пособиялъул бищунго г1одобег1анаб къадар - 850 гъуруш, бищунго ц1ик1к1араб - 4900 гъуруш.

Бищунго г1одобег1анаб къадаралъул пособие кьола: цере х1алт1ич1ел, ай т1оцебе х1алт1и балагьулезе, лъаг1ел ва ц1ик1к1ун заманалъ х1алт1ич1ого ч1арал, амма ц1идасан х1алт1изе бокьаразе, г1айиб ккун х1алт1удаса рехун рук1аразе, х1алт1и гьеч1ого хут1илалде 12 моц1ида жаниб кинаб бук1аниги г1иллаялдалъун х1алт1удаса арал ва гьеб заманалда жаниб 26 календарияб анкьидаса дагьаб заманалъ харж щолеб бак1алда х1алт1арасе, «Центр занятости» организациялъ ц1ализе вит1арав ва, г1айиб ккун, нахъе рехарасе.

*«Х1акъикъат» газеталдаса босараб, (№ 39, 5 октябрь, 2018с.)*

# Исправление технической ошибки

В Положении о публичных слушаниях, общественных обсуждениях в муниципальном образовании **«Казбековский район»**, утвержденном Решением Собрания депутатов МО от 08.08.2018г №6/113, опубликованном в газете **«Чапар»** №34 от 20.08.2018г., пункте 3 раздела 8 и в п.6 раздела 9 допущены технические ошибки.

Указанные пункты разделов 8 и 9 следует читать:

-пункт 3 раздел 8 «**В состав комиссии могут входить представители поселений района, органов исполнительной власти поселений, учреждений и организаций, находящихся на территории муниципального района»**

-пункт 6 раздел 9. «**Организационное, правовое, документационное и материально-техническое обеспечение деятельности комиссии осуществляется администрацией муниципального образования.»**

# Дагьал церег1ан къояз...

Умумузул аби буго: **«Къварилъи, изну цIехон, бачIунарин»,**-ан. Гьедин, ракIалда гьечIеб, къварилъи бачIана нижер рукъобеги.ГIемерал сонал руго дир вас ГIабдулгъапур тракторалда хIалтIулелдаса.Гьава-бакъалъул санагIалъи гьечIолъиялъухъ балагьичIого, бокьарав чиясул хIажат тIубазеги, щивго нахъ чIвачIого, витIаралъуве ине хIадуравги вуго гьев.

Дагьал церегIан къояз Шавдан ва Халатала участокабазде унеб нухда хIалтIулев вук1арав гьесул трактор цо лабаллъиялдасан гъоркье бортула. Сверухъ чи гьечIеб гIалхуда тракторалде гъоркье ккарав гьесде,ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялъ, тIаде ккола Дилим росулъа ГIали Бексултанов, ТIагьир ва Шираздин ЗайналгIабидовал, Дибир Дибиров ва Рамазан Чамаев. Гьез ахIи баялъул хIасилалда, тIаде щола **«Хехаб кумек»** машинагун тохтурзаби: Равшан Эмеева, Наира Абуева, полициялъулгун МЧСалъул хIалтIухъаби ва росдал гIадамал.

Гьениб букIана бихьизе хIинкъараб ахIвал-хIал. Дир вас чIаго тракторалда жаниса вахъиялде божицин букIинчIо. Амма тIаде щваразул хIаракаталдалъун, дир вас - анкьго лъимадул эмен хвасар гьавизе кIвана. Равшаницаги Наирацаги жалго рихьизаруна рекIелъ иман бугел, гурхIел-рахIму ц1ик1к1арал, жидерго хIалтIи ракIбацIцIадго гьабулел медицинаялъул хIалтIухъаби рукIин. Дир хIал кIоларо гьенире кумекалъе рач1аралщиназул цIарал рехсезе.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьел киназего. БачIунгеги гьезде тIаде ургъалилаб къо. Кьеги гьезие сахлъи ва талихI.

***Бахтикай МУХIАМАДГЪАЗИЕВА, Дилим росу***

# Баркала загьир гьабула

Ахириял соназ нилъер улкаялда ц1ик1к1унеб буго, гурх1ел-рах1муялъул гуребги,х1ажалъи ккаразе кумек гьабулел г1адамазул къадарги. Гьезул х1акъалъулъ г1емер бицуна газетаздасан ва радио-телевидениялдасан. Г1езег1ан сонал руго Ичк1а росдал гьоркьохъеб школалъул спорталъул залалда бат1и-бат1иял данделъаби т1орит1улелдаса. Гьедин бук1иналъ, гьай-гьай, гьелъие щибаб соналъин абухъего, ремонтги гьабизе ккола. Исана соналъги бук1ана гьелъие ремонт гьабизе ккараб х1ал. Гьеб рахъалъ нижее ц1акъ к1удияб кумек гьабуна районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевас ва росдал жамаг1аталъул вакилзабаз,ресалда ругел г1адамаз.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, школалъул коллективалъул ва умумузул рахъалдасан, рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе нижее х1алае рахъарал т1олазего.

***Зугьра АМИНОВА, Ичк1а росдал гьоркьохъеб школалъул директор.***

БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият СултанмухIамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №136 Тираж 1300
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола